



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 24 avril 2012

GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE DEZYÈM KANPAY OPERATION HANG UP POU VIZE CHOFÈ KI DISTRÈ YO

Plis Pase 150 Chofè Te Pran Kontravansyon nan Premye 12 Èdtan Operation Hang Up

Lapolis Te Bay Plis Pase 65.000 Kontravansyon nan Eta a an 2012 poutèt yo t ap Itilize Aparèy Elektwonik Pandan yo t ap Kondi

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse nan premye douz (12) èdtan Operation Hang Up, plis pase 150 chofè te pran kontravansyon poutèt yo te itilize aparèy nan men yo pandan yo t ap kondi. Yon Lapolis Eta a te bay uit (8) kontravansyon nan inèdtan pandan li t ap fè patwouy nan zòn Kingston.

Jodi a, Gouvènè a te fè yon sèl nan Battery Park City avèk gwoup sipò pou moun kondi an sekirite ak yon fanmi White Plains ki te pèdi paran li yo nan yon aksidan chofè ki te distrè dèyè volan, pou lanse yon dezyèm kanpay Operation Hang Up pou sibler chofè k ap itilize telefòn selilè yo ak lòt aparèy elektwonik pandan y ap kondi. Kanpay la te kòmanse lendi 23 avril la, epi l ap kontinye jiska dimanch 29 avril 2012. Gouvènè a te anonse tou nan premye mwa ane 2012 la, plis pase 65.000 chofè te pran kontravansyon poutèt yo t ap itilize yon aparèy elektwonik pandan yo t ap kondi.

Gouvènè Cuomo di konsa, "Operation Hang Up la pou voye yon mesaj serye ba chofè toupatou nan eta a pou fè yo konnen kondi ak itilize yon aparèy nan men yo pa annamoni. Nou tandè twòp istwa boulvèsan sou fason chofè ki distrè dèyè volan yo lakòz konsekans trajik, epi nou dwe fè tout sa ki nan pouvwa nou pou asire plis vi pa pèdi san nesite paske yon moun te retire zye li sou wout la pou itilize yon telefòn."

Premye kanpay pi bon aplikasyon Operation Hang Up la te fèt nan Jou Ferye Thanksgiving (Aksyondgras), lè Lapolis Eta a te bay plis pase 800 chofè kontravansyon. Komite Sekirite nan Sikilasyon Gouvènè a finanse Operation Hang Up avèk yon Sibvansyon Administrasyon Nasyonal pou Sekirite nan Sikilasyon nan Otowout pou Aplike Lalwa kont Moun ki Distrè Pandan Y ap Kondi. Sibvansyon an pèmèt Lapolis Eta a konsantre sou resous patwouy sou pwoblèm chofè ki distrè pandan y ap kondi, epitou li ogmante sekirite sikilasyon konvansyonèl yo a ak efò pou aplikasyon lalwa. Pral gen plizyè seri menm aplikasyon pi sevè k ap fèt alavni.

Gouvènè Cuomo te siyen yon nouvo lwa pou bay jarèt pou aplikasyon lalwa kont moun k ap voye mesaj tèks pandan y ap kondi nan mwa jiyè 2011. Lwa a konsidere yon aparèy elektwonik pou aktivite tankou voye tèks mesaj pandan w ap kondi kòm yon vyolasyon primè sikilasyon an, sa ki bay lapolis pouvwa pou rete chofè yo sèlman poutèt y ap fè aktivite sa a. Answit, sanksyon poutèt ou itilize yon aparèy mobil pandan w ap kondi te ogmante ant de (2) pwen ak twa (3) pwen.

Dènye rechèch yo fè montre kijan chofè k ap pale nan telefòn reprezante kat (4) fwa plis chans pou yo fè aksidan. Konpòtman chofè sa yo kapab menm bagay ak konpòtman chofè ki sou lè yo depase limit legal .08 BAC la. Administrasyon Nasyonal Sekirite nan Sikilasyon Machin sou Otowout endike plis pase 3.000 ka lanmò ane pase se asosye avèk chofè ki distrè, sa ki rele yon epidemi danjere sou wout Lamerik yo.

Sipè-entandan Lapolis Eta New York, Joseph A. D'Amico di konsa, "Telefòn selilè ak aparèy elektwonik vin enpòtan nan lavi nou, men yo pa dwe nan men yon chofè machin. Operation Hang Up la pou fè chofè yo konnen nou konsidere vyolasyon sa yo oserye, epi nou p ap kite vyolasyon yo fèt nan Eta New York. Si ou itilize yon telefòn selilè ki kenbe nan men ou, oswa si ou voye tèks pandan w ap kondi, ou ta dwe espere pran yon kontravansyon nan men yon Ajan Lapolis Eta New York."

Manm Komisyon Depatman Veyikil-a-Motè ak Prezidan Komite Gouvènè a pou Sekirite nan Sikilasyon Machin, Barbara J. Fiala di konsa, "Avèk nouvo lwa ki anvigè kont moun k ap voye tèks dèyè volan machin, epi avèk plis efò pou aplike lalwa tankou Operation Hang Up, Eta New York ap gran gwo mezi pou ede edike piblik la sou gwo-gwo danje chofè ki distrè dèyè volan yo. Anba kalite dirijan Gouvènè Cuomo, Eta New York pran devan pou batay kont chofè distrè yo."

Direktè Egzekitif Thruway Authority, Thomas J. Madison, di konsa, "Nan peryòd sèt (7) jou Operation Hang Up anvigè, Lapolis Eta a pral pran mezi aplikasyon lalwa pou asire chofè yo kite men yo sou volan machin yo ak zye yo sou wout la. Thruway Authority ap kontinye fè tout sa nou kapab pou fè piblik la konnen itilizasyon yon aparèy mobil se yon distraksyon ki danjere ak yon vrè risk pou sekirite moun sou wout la."

Sitwayen White Plains, Jacy Good, ki te pèdi toulède paran li yo nan yon aksidan nan ane 2008 akòz yon chofè ki t ap pale nan yon telefòn selilè, te patisipe nan konferans pou laprès jodi a avèk Gouvènè a.

Jacy Good di konsa, "Eta New York State montre egzanp lwa kont chofè ki distrè lè y ap pale nan telefòn selilè. Bon relasyon ki melanje pwojè aplikasyon lalwa avèk fòs tankou Operation Hang Up se sa ki chanje konpòtman ak sove lavi moun sou wout la. Li pran sèlman yon semèn pou fòme yon nouvo abitud. Mwen ankouraje tout moun semèn sa a pou yo kòmanse yon nouvo abitud, epi pou chanje kilti pou konsantre sou sekirite wout nou yo. Mwen di Gouvènè Cuomo mèsì poutèt angajman li pran pou sispann doulè chofè ki distrè yo lakòz san nesese."

Prezidan Komite Lejislatif AAA, John Corlett, di konsa, "Menmsi eta ki nan peyi a aplike lalwa yon fason sevè kont chofè ki distrè yo, voye mesaj tèks dèyè volan machin kontinye ap detwi lavi moun san nesese. Nou bat bravo pou kalite dirijan Gouvènè Cuomo nan batay di pou mete yon pwen final sou

kondi machin avèk distraksyon isit la nan New York. Operation Hang Up te deja lakòz anpil santèn chofè pran kontravansyon poutèt yo itilize aparèy elektwonik, epi nou pa ka tann pou wè siksè li kontinye pou fè otowout ak wout New York yo gen plis sekirite pou tou chofè yo.”

Kantite kontravansyon total lapolis te bay an 2012 pou itilizasyon yon aparèy nan men dèyè volan machin prezante konsa:

KONTE	KONTRAVANSYON
ALBANY	1041
ALLEGANY	40
BRONX	3820
BROOME	300
CATTARAUGUS	224
CAYUGA	73
CHAUTAUQUA	430
CHEMUNG	242
CHENANGO	82
CLINTON	159
COLUMBIA	162
CORTLAND	177
DELAWARE	49
DUTCHESS	725
ERIE	2177
ESSEX	46
FRANKLIN	73

FULTON	82
GENESEE	188
GREENE	48
HAMILTON	0
HERKIMER	100
JEFFERSON	175
KINGS	12895
LEWIS	43
LIVINGSTON	134
MADISON	204
MONROE	1341
MONTGOMERY	108
NASSAU	1846
NEW YORK	12022
NIAGARA	510
ONEIDA	370
ONONDAGA	1002
ONTARIO	225
ORANGE	1036
ORLEANS	21
OSWEGO	99

Haitian Creole

OTSEGO	131
PUTNAM	205
QUEENS	11554
RENSSELAER	297
RICHMOND	1762
ROCKLAND	682
SARATOGA	594
SCHENECTADY	208
SCHOHARIE	29
SCHUYLER	16
SENECA	45
ST LAWRENCE	578
STEUBEN	241
SUFFOLK	2352
SULLIVAN	126
TIOGA	78
TOMPKINS	291
ULSTER	843
WARREN	230
WASHINGTON	66
WAYNE	155

Haitian Creole

WESTCHESTER	2263
WYOMING	53
YATES	13
TOTAL	65.081

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418